

BAB 1

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Indonesia miboga kabudayaan anu loba, salah sahijina kabudayaan nu aya di Jawa Barat hususna di tatar Priangan atawa Pasundan mangrupa kawasan anu kawéntar ku kaéndahan alam jeung jembar ku rupa-rupa kasenian sarta kabudayaan katut ajén-inajénna. Kabudayaan jeung kasenian anu kawéntar di Jawa Barat nyaéta ti tatar Sunda. Kasenian di tatar Sunda réa pisan rupana, salasahijina kawih.

Masyarakat Sunda raket patalina jeung kawih, sabab bisa katiten dina kahirupan sapopoé masarakat Sunda nu ti mimiti ngamandian budak, mépéndé budak, kaulinan barudak, ngawuluku, ngoréd di huma, nepi ka ngeprak manuk di sawah gé sok dibarengan ku ngahaleuang (Hendrayana, 2018, kc. 64).

Kawih téh jadi bagian tina kabeungharan seni Sunda. Dina élmu musik Sunda, antara kawih jeung tembang téh dibédakeun. Ditilik dumasar musik, kawih jeung tembang téh dibédakeun ku ketukan. Dina kawih mah aya *birama* (wiletan) jeung *ketukan* (tempo). Saperti nu ditétélakeun ku Hendrayana (2016, kc. 16), yén nu dimaksud kawih téh aya nu miboga irama merdika jeung irama tandak. Nalika dihaleungkeun, kawih mah kauger ku aturan birama jeung ketukan. Sabalikna, tembang mah henteu kauger ku wiletan jeung ketukan. Sedengkeun, nurutkeun sajarahna, Hendrayana (2017, kc. 57) nétélakeun yén kawih téh geus leuwih mimiti aya sakumaha anu kaunggel dina naskah Sunda kuna *Sanghyang Siksa Kandang Karesian* (SSKK) taun 1518 M, anu unina:

“hayang nyaho disakweh ning kawih ma: kawih bwatuha kawih panjang, kawih lalaguan, kawih panyaraman, kawih sisindiran, kawih péngpéladan, kawih bongbongkaso, kawih pererane, porod eurih, kawih babahanan, kawih bangbarongan, kawih tangtung, kawih sasambatan, kawih igeligelan, sing sawatek kawih ma, paraguna tanya.” (Kosasih, 2012, kc. 3)

Saupama ditilik tina sisi musikna, kawih téh miboga fungsi minangka hiburan pikeun masarakat. Sedengkeun ditilik tina sisi sastrana, kawih miboga fungsi pikeun ngaékprésikeun diri pangarangna sarta jadi panganteur pikeun nepikeun

amanat nu hayang ditepikeun ku pangarang ka anu maca rumpakana atawa nu ngadéngékeun kawihna.

Ari kawih Sunda téh geus dipikawanoh ku masarakat Sunda ti saméméh abad ka XVI. Dina kamekaranna kawih kungsi aya dina mangsa emas, nyaéta dina taun ka 60-an mimiti aya kawih anyar nu disanggi ku Mang Koko Koswara. Tuluy dina taun ka 80-an muncul panyanggi lagu séjén nyaéta Nano S jeung Ubun R. Kubarsah, matéri anu disanggina nyaéta kawih anyar nu sok dipirig ku kacapian, gamelan degung, jeung pirigan séjénna. Kawih-kawih nu disanggi ku Ubun R. Kubarsah jeung Nano S. téh masih manjang tepi ka ayeuna.

Tepi ka taun 90-an, sababaraha kawih kayaning kawih calung, kawih celempungan, kawih kliningan, jeung sajabana téh masih kénéh mindeng kapidangkeun boh di nu hajat boh di nu tatanggapan séjénna. Hanjakal, kiwari mah éta kawih nu tadi disebutkeun téh geus jarang dipaké.

Kawih téh beuki dieu beuki mekar, kawih baheula mah ngaranna kawih buhun (klasik) saperti *Éntog Mulang*, *Ékék Paéh*, jeung *Awi Ngarambat*. Ari kawih buhun mah teu kapaluruh saha anu nyanggina téh, sedengkeun kawih kaayeunakeunna mah atawa nu disebut kawih (modérn), geus jelas nu nyanggina. Contona, *És Lilin* (Mursih), *Lembur Kuring* (R.T.A. Soenaryo), *Mojang Priangan* (Iyat Winarsih), *Bubuy Bulan* (Bénny Corda), *Bajing Luncat* (Kosaman Jaya), *Hariring Kuring* (Djuhari), *Kalangkang* (Nano S.), *Hariring nu Kungsi Nyanding* (Mang Koko), jrrd. Kawih kaayeunakeun téh satuluyna robah jadi kawih pop. Lagu Pop Sunda anu sok dihaleuangkeun ku Darso, Yayan Jatnika, Doel Sumbang, jrrd, téh kaasup kana wanda kawih. Ku lantaran kitu, kawih téh jadi bagian tina kabeungharan basa, sastra, jeung seni Sunda (Sudaryat, 2017, kc. 55).

Sok sanajan istilah kawih geus dipaké ku masarakat Sunda ti jaman běh ditu kénéh, nu kungsi ogé aya dina mangsa kaemasanna, teu bisa dipungkir yén éksisténsi kawih éta sorangan geus mimiti rada ngurangan. Komo deui dina jaman kiwari mah, kawih geus mimiti dipohokeun ku sawatara masarakat utamana di kalangan barudak jeung para rumaja. Saluyu jeung pamadegan Hadliansyah (2019, kc. 35), nétlakeun yén kawih-kawih Sunda téh geus kurang éksiténnsina di masarakat. Ayana kamekaran sains jeung téhnologi mawa pangaruh nu gedé kana kamekaran rasa cinta ka lemah cai nu ayeuna geus mimiti leungit ku arus modérnisasi anu lumangsung nepi ka kiwari.

Antukna, kawih téh kudu ditanjurkeun deui ka barudak jaman kiwari, utamana mah di kalangan barudak sakola. Sakumaha nu ditétélakeun ku Kosasih (2009, kc. 19), anu nétélakeun yén salahsahiji cara pikeun nanjurkeun éksitensi kawih téh nyaéta tangtu kudu diwanohkeun ka barudak. Ayeuna kawih-kawih anu loba nyangkaruk ajén atikan téh geus kawilang teu dipikawanoh. Sabab, tadi téa ayeuna mah leuwih populer kénéh kawih pop sunda, nu eusi kawihna téh loba ngeunaan cinta-cintaan.

Salasahiji cara pikeun éksistensi kawih nu ngadidik bisa kawanoheun ka barudak kiwari téh, nyaéta ku cara dijadikeun bahan pangajaran di sakola. Guru anu hadé tangtu kudu bisa milih bahan pangajaran nu saluyu kana aspek psikologis anu sakuduna diajarkeun ka siswa. Sakumaha nu ditétélakeun ku Syamsudin (2012, kc. 156), yén prosés diajar téh teu lumangsung sacara saarah, tapi dua arah, jadi aya dua pihak mibanda kalungguhan nu sarua pikeun ngalakukeun kagiatan aktif dina hiji rarancang gawé ngaliwatan mikir anu bisa dipikaharti ku balaréa. Patali jeung éta pamadegan, katitén yén fungsi atikan dina konteks kabudayaan téh kacida pentingna.

Dumasar pamadegan di luhur, kawih nu mangrupa kabudayaan tangtu kudu leuwih ditanjurkeun deui di kancah pendidikan. Pikeun dijadikeun bahan pangajaran di sakola, tangtu baé kudu ngagunakeun bahan ajar anu hadé. Ku kituna, aya salah sahiji kawih nu kudu dipikawanoh ku siswa di sakola, nyaéta album *Sungkeman Wajib Belajar* sanggian Nano S. nu medal taun 1995. Medalna ieu album téh ku Tim Koordinasi Kelompok Kerja Wajib Belajar Pendidikan Dasar 9 Tahun Provinsi Jawa Barat. Sanajan, ieu album téh kawilang geus heubeul, tapi éksistensi pikeun dijadikeun bahan pangajaran di sakola jaman kiwari téh masih kénéh luhur. Sabab, ajén-inajén nu nyangkaruk dina kawih-kawihna tangtu pikeun ngadidik, boh kana karakter siswa, lingkungan ogé kaagamaanna.

Ditilik tina sisi pangarangna, Nano Suratno téh nyaéta seniman jeung sastrawan Sunda. Anjeunna kakoncara pisan di kasenian Sunda téh, kawih-kawihna réa meunang penghargaan, aya nu nepi ka kancah Nasional gé. Ku sabab kitu, Nano S. téh dipercaya pikeun nyieun ieu album *Sungkeman Wajib Belajar*, sangkan dijadikeun bahan ajar di sakola.

Pikeun neuleuman ajén-inajén nu nyampak dina rumpaka kawih album *Sungkeman Wajib Belajar*, diperlukeun ayana tiori anu bisa dijadikeun dadasar

pikeun nalungtikna. Ngaliwatan analisis struktur jeung ajén atikan minangka jadi pésó. Sakumaha ilaharna sastra, kawih téh mangrupa beungkeutan unsur-unsur nu silih patali sarta miboga harti. Hartina, yén rumpaka kawih téh miboga struktur anu tangtu.

Dina analisis struktural, unsur-unsur karya sastra téh kudu ditalungtik sarta dititénan sing bener sarta luyu jeung pangaweruh anu jero ngeunaan harti, peran, jeung fungsina. Struktur téh mangrupa salasahiji pamarekan anu ilahar dipaké pikeun nganalisis karya sastra sarta dirojong ku unsur-unsur dina pangwangunna. Numutkeun Jean Pieget (dina Isnendes 2010, kc.91), struktur téh ngawengku gagasan pokok, nyaéta gagasan anu gembleng (*wholeness, keseluruhan*), gagasan transformasi (*transformation*) jeung gagasan mandiri (*self regulation*).

Aya jenis karya sastra nu bisa di analisis maké pamarekan struktur, saperti nurutkeun Waluyo (dina Maulida, 2014, kc. 26), karya sastra dibagi jadi dua bagéan, nyaéta prosa jeung puisi. Unsur dina dua jenis sastra bakal ngabutuhkeun puseur analisis anu bédá. Pikeun nganalisis unsur puisi nurutkeun Mustappa (2014, kc.37), yén aya sawatara unsur penting pikeun medar eusi puisi di antarana, imaji, simbul atawa lambang, jeung musicalitas atawa wirahma, sarta aya unsur panambah nyaéta suasana, téma, jeung gaya basa.

Salian ti maluruh rumpaka kawihna ngaliwatan unsur struktural dina karya sastra wangun sajak, dina kawih album *Sungkeman Wajib Belajar* sanggian Nano S. téh tangtu nyampak ogé ajén atikanna. Ajén atikan nyaéta ajén inajén nu bisa dicangking tina pangajaran-pangajaran pikeun dilarapkeun kana paripolah nu hadé dina kahirupan sapopoé. Nurutkeun Loree (dina Syamsudin, 2012, kc.105), ajén atikan téh ngawengku, 1) ajén atikan moral; 2) ajén atikan sosial; jeung 3) ajén atikan agama.

Dina kawih album *Sungkeman Wajib Belajar* sanggian Nano S. téh aya 10 (sapuluh) lagu. Dina ieu album aya pasualan-pasualan nu nyampak pikeun ditalungtik. Hususna dina rumpaka kawihna nu miboga ma'na jero, sarta dijieu pikeun bahan ajar tangtu ieu album SWB (*Sungkeman Wajib Belajar*) téh bakal loba ngandung ajén-inajén. Ku kituna, panalungtik milih ieu album pikeun dijadikeun objék panalungtikan.

Nepi ka kiwari, aya sababaraha panalungtikan anu sawanda jeung ieu panalungtikan nu aya patali jeung rumpaka kawih, di antarana (1) “*Rumpaka Album Kawih Deudeuh jeung Geugeut Karya Eddy D. Iskandar pikeun Bahan Pangajaran Kawih di SMA Kelas X (Ulikan Struktural jeung Ajén Éstética)*” ku Annisa Gusnira (2018), nu medar ngeunaan wangun rumpaka album kawih, struktur rumpaka, ajén éstética, jeung kumaha larapna hasil panalungtikan pikeun bahan pangajaran kawih; (2) “*Ajén Éstética dina Rumpaka Kawih Album Kolot Kalapa sanggian Ubun Kubarsah pikeun Bahan Pangajaran Kawih di SMA Kelas X (Ulikan Struktural)*”, ku Moch Yoga Agung Nugraha (2020), dina ieu panalungtikan leuwih medar kana ulikan struktural jeung ajén éstética nu aya dina kawih album Kolot Kalapa, sarta kumaha larapna kana bahan pangajaran kawih; jeung (3) “*Rumpaka Album Kawih Asuh Barudak Cita-Cita (Ulikan Struktural jeung Étnopedagogik)*” ku Teguh Purwa Saputra (2021), ieu panalungtikan leuwih medar kana ulikan struktural jeung étnopedagogik nu aya dina rumpaka kawih asuh barudak.

Sasaruaan dina ieu panalungtikan jeung panalungtikan séjén nu dilaksanakeun ku Moch. Yoga Agung Nugraha (2020), ku Annisa Gusnira (2018) jeung Teguh Purwa Saputra (2021) nyaéta sarua medar ngeunaan unsur struktural nu aya dina rumpaka kawih. Sedengkeun bédana ieu panalungtikan jeung panalungtikan séjén nyaéta dina objék panalungtikanana. Ku kituna, perlu diayakeun ieu panalungtikan ngeunaan “*Struktur jeung Ajén Atikan dina Rumpaka Kawih Album Sungkeman Wajib Belajar Sanggian Nano S. pikeun Bahan Pangajaran Kawih di SMP Kelas VIII*”.

1.2 Idéntifikasi Masalah jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Ditilik tina objek ieu panalungtikan, Album Kawih Sungkeman Wajib Belajar sanggian Nano S. mangrupa album nu kawilang heubeul nyaéta taun 1995. Kawihkawih dina ieu album ngandung atikan nu bisa dilarapkeun di sakola dina pangajaran Kawih. Lamun ditalungtik leuwih jero dina struktural jeung ajén atikan tangtu bakal leuwih kaguar hal alus nu séjén nu nyangkaruk dina ieu album kawih Sungkeman Wajib Belajar (SWB) sanggian Nano S.

Struktur nu bakal kapaluruh dina ieu rumpaka kawih téh aya genep, nyaéta imaji, simbul, musicalitas, suasana, téma, jeung gaya basa. Sedengkeun, ajén atikan nu bakal kapaluruhna aya tilu, nyaéta ajén atikan moral, ajén atikan sosial, jeung

Mita Alifiyah Purnama, 2022

STRUKTUR JEUNG AJÉN ATIKAN DINA RUMPAKA KAWIH ALBUM SUNGKEMAN WAJIB BELAJAR SANGGIAN NANO S. PIKEUN BAHAN PANGAJARAN KAWIH DI SMP KELAS VIII

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

ajén atikan agama. Hasilna bakal dilarapkeun pikeun bahan pangajaran kawih di SMP kelas VIII. Saluyu jeung Kompetensi Dasar 3.1 *mengidentifikasi bentuk, struktur teks, unsur dan aspek kebahasaan rumpaka kawih*, sarta 4.1 *mengomunikasikan rumpaka kawih atau melantunkannya dengan memperhatikan ekspresi dan teknik vokal*. Anu bakal dijadikeun bahan pangajaran kawih téh nyaéta ngan tilu rumpaka.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang nu geus diébréhkeun saméméhna, sangkan ieu panalungtikan teu lega teuing ambahanna jeung bisa leuwih museur, ku kituna kudu aya rumusan masalahna. Ieu panalungtikan téh ngulik ngeunaan analisis struktural sarta ajén atikan nu nyampak dina rumpaka kawih album Sungkeman Wajib Belajar sanggian Nano S. Antukna, rumusan masalah tina ieu panalungtikan nyaéta:

- a) Kumaha struktur rumpaka kawih dina album *Sungkeman Wajib Belajar* sanggian Nano S?
- b) Naon waé ajén atikan nu nyangkaruk dina rumpaka album kawih *Sungkeman Wajib Belajar* sanggian Nano S?
- c) Kumaha larapna rumpaka album kawih *Sungkeman Wajib Belajar* sanggian Nano S. kana bahan pangajaran kawih di SMP kelas VIII?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum tina ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngawanohkeun, numuwuhkeun kareueus kana budaya daerah nu kaunggel dina karya sastra sangkan dipikawanoh ku masarakat jeung siswa. Salian ti éta, bisa dijadikeun tolok ukur pikeun ngajén kamampuh siswa dina maham sarta nganalisis eusi rumpaka saluyu jeung indikator pangajaran kawih.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus nu hayang dihontal tina ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngadeskripsiun:

- a) struktur rumpaka kawih album *Sungkeman Wajib Belajar* sanggian Nano.S;
- b) ajén atikan dina rumpaka kawih album *Sungkeman Wajib Belajar* sanggian Nano S.; jeung

- c) larapna hasil panalungtikan rumpaka album kawih *Sungkeman Wajib Belajar* sanggian Nano S. kana bahan pangajaran kawih di SMP kelas VIII.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat ieu panalungtikan kabagi jadi tilu, nyaéta (1) Mangpaat téoritis, (2) Mangpaat tina segi praktis, (3) Mangpaat tina segi kawijakan.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat tina segi tioritis dina ieu panalungtikan nyaéta sangkan bisa ngawanohkeun struktur jeung ajén atikan nu nyampak dina rumpaka album kawih *Sungkeman Wajib Belajar* sanggian Nano S., hususna dina pangajaran basa Sunda di sakola. Anapon mangpaat nu lianna nyaéta pikeun ngeuyeuban pangaweruh dina widang sastra hususna rumpaka kawih.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Ieu panalungtikan téh dipiharep aya mangpaat pikeun:

- a) Mangpaat pikeun Guru sangkan bisa dipaké pikeun nambahann pangaweruh dina ngamekarkeun bahan ajar di sakola, ku cara ngagunakeun rumpaka kawih nu ngandung ajén atikan.
- b) Mangpaat pikeun Siswa sangkan jadi média pikeun numuwuhkeun karesep tur karepna kana seni sora

Sunda nyaéta kawih. Sarta dipiharep siswa bisa leuwih neuleuman ma'na rumpaka kawih, tur bisa ngarobah karakter siswa sarta bisa ngalarapkeun ajén atikan nu nyampak dina kawih.

- c) Mangpaat pikeun Panalungtik bisa jadi référénsi pikeun panalungtikan satulunya anu aya patalina jeung rumpaka kawih tina segi struktur jeung ajén atikan.

1.4.3 Mangpaat Kawijakan

Hasil tina ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngarojong kawijakan *Balai Pelestarian Nilai Budaya* (BPNB) Bandung jeung *Dinas Pariwisata dan Kebudayaan* Jawa Barat anu nangtukeun yén kawih utamana Cianjur jadi salahsiji kasenian anu ditarima kalawan hadé, tina 30 materi budaya Sunda anu diajukeun jadi *Warisan Budaya Tak Benda* (WBTB) ka Kementrian Pendidikan

jeung Kebudayaan. Kitu ogé, ngarojong Perda Provinsi Jawa Barat No. 14 taun 2014 ngeunaan Pelestarian jeung Pengembangan Bahasa, Sastra, jeung Aksara.

Salian ti éta, ieu panalungtikan téh dipiharep bisa jadi bongbolong pikeun ngungkulan handapna minat siswa sangkan mikawanoh kawih. Salasahijina ku cara diayakeunna pasanggiri-pasanggiri kawih ku *Dinas Pendidikan dan Kebudayaan* Provinsi Jawa Barat.

1.5 Raraga Tulisan

Ieu skripsi ngawengku lima bab:

BAB I, eusina mangrupa bubuka, ngawengku kasang tukang tina masalah anu ditalungtik, identifikasi masalah jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan anu ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan anu ngawengku mangpaat tioritis, mangpaat praktis, jeung mangpaat kawijakan, sarta struktur panulisan dina ieu skripsi.

BAB II, eusina ngeunaan ulikan tiori anu dipaké pikeun ngarojong ieu panalungtikan. Tiori anu dipedar nyaéta ngeunaan strukturalisme, ajén atikan, kawih, jeung bahan pangajaran anu dipatalikeun jeung masalah anu ditalungtik. Tuluy medar panalungtikan saméméhna jeung raraga mikir.

BAB III, eusina ngeunaan métodologi anu digunakeun dina ieu panalungtikan, nu ngawengku desain panalungtikan, sumber data panalungtikan, téhnik panalungtikan, instrumén panalungtikan jeung téhnik ngolah data.

BAB IV, eusina ngeunaan déskripsi tina hasil panalungtikan, anu ngawengku pedaran hasil analisis struktural jeung ajén atikan dina unggal rumpaka kawih album Sungkeman Wajib Belajar sanggian Nano S., nu satuluyna dilarapkeun pikeun bahan pangajaran kawih di SMP Kelas VIII.

Dina BAB V, eusina nyaéta ngadéskripsikeun kacindekan tina hasil panalungtikan, implikasi, jeung rékomendasi pikeun panalungtikan satuluyna.